## Kijan Fimen/Vape Afekte Timoun

## Trase yon egzanp

Fimen/vape andedan lakay afekte pwochen jenerasyon an: timoun ki wè paran yo timen/vape gen doub posibilite pou yo fimen/vape lè yo fin gran.

## Sigarèt & Sante Timoun

- Pwoblèm respire (souf anlè ak touse)
- Atak lasm grav souvan, ki ka mete lavi timoun nan an danje
- Tonbe malad pi souvan avèk grip, bwonchit oubyen nemoni
- Nen bouche, tèt fè mal, gòj fè mal, iritasyon nan zye ak anwouman
- Enfeksyon zòrèy
- Sendwòm Lanmò Bebe Sibitman (SIDS)
- Andikap aprantisaj

## Eske w te konnen? Menm apre yon moun ki fimen/

vape fini yon sigarèt/e-sigarèt, pwodwi chimik yo rete sou men yo ak rad yo, osi byen ak nan lè a ak sou sifas yo, tankou kapèt la, atè a, ak rido yo.

Timoun rale ak jwe sou sifas sa yo epi yo mete jwèt nan bouch yo, ki ekspoze yo ak pwodwi chimik yo nan lafimen tabak la oubyen vapè e-sigarèt la.